

# Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Pwochen chapit nou an pale de kouman pou rezoud ekwasyon. Ou pa gen anyen pou pè - sa fè plizyè ane depi w ap travay ak ekwasyon. Yon *ekwasyon* se yon fraz nimerik ki gen yon siy egal, ki vle di de (2) ekspresyon gen menm valè. Men twa egzanp :


$$9 + 6 = 15$$

$$9 + 6 = 5 \times 3$$


$$7 + 8 = 18 - 3$$

Sepandan, nan chapit sa a, ou pral dekouvri ekwasyon ki gen varyab (kantite ki ka chanje), tankou  $3 \times n = 18$ .

Ou pral etidye yon metòd ki rele *mach aryè* pou rezoud ekwasyon. Pa egzanp: konsidere ekwasyon sa a :  $4 \cdot n + 5 = t$ . Pou jwenn yon rezilta ( $t$ ) ak ekwasyon sa a, kòmanse ak yon antre ( $n$ ), multipliyè li pa 4, epi ajoute 5. Òganigram ki pi ba la a montre etap sa yo.



Men òganigram nan pou yon antre ki 3 :



Si w te gen yon rezilta ki 21, ou te ka sèvi ak òganigram nan pou travay an aryè epi pou detèminen antre a se te 4.

Ou pral dekouvri kèk ekwasyon ou pa ka rezoud ak metòd mach aryè a. Alò, ou pral dekouvri yon lòt metòd, *devinen-tcheke-ak-amelyore*.

**Vokabilè** Men lis mo nouvo ki gen nan vokabilè a epi ki asosye ak rezoud ekwasyon an.

metòd mach aryè  
ekwasyon  
òganigram

devinen-tcheke-ak-  
amelyore  
inegalite

fraz ouvè  
solisyon

## Kisa w ka fè lakay ?

Ankouraje elèv ou an montre w estrateji pou rezoud ekwasyon yo. Ou ka menm pran plezi nan yon jwèt kote nou toulede ekri yon ekwasyon senp sou yon moso papye, epi nou youn chanje papye ak lòt, epi yon moun rezoud ekwasyon lòt moun lan. Yon fwa ou jwenn solisyon an, diskite kisa w fè pou rezoud li.